

SIDANG AKADEMI
SANTO ALBERTUS AGUNG GOLONGAN B
SMA SEMINARI MERTOYUDAN

Nami : Paulus Sih Nugroho
Kelas/ No. Absen : XI-IPS/19
Wanci : 29 Agustus 2016
Pasugatan : Timbangan buku
Basa : jawi
Latar : kelas XI-IPS, tabuh 08.00 enjing rikala pasinaon
Pamriksa : guru lan seminaris
Pasugat : seminaris

A. CECALA

“Menimba Rahmat Adorasi” inggih punika buku ingkang badhe kula timbang wonten ing pasugatan sonten punika. Kanthi nyariosaken babagan Adorasi wonten ing paroki Santo Petrus lan Paulus Klepu. Buku punika anggadhai wos maneka warna paseksen saking umat babagan Adorasi, ugi nyariosaken sejarah Adorasi Ekaristi Abadi wonten ing Paroki Santo Petrus lan Paulus Klepu piyambak. Matur nuwun, sugeng midhangetaken.

B. WOS

Irah-irahan : Menimba Rahmat Adorasi
Panyerat : Florentius Hartanto Pr, dkk.
Panerbit : kite in uno Community
Wanci cetak : 13 juni 2012
Jumlah Kaca : 164

Bapak guru ingkang kinurmatan lan para Sadherek ingkang katresnan, sugeng enjing lan berkah Dalem. Kepareng kula matur wonten ing ngarsa panjenenganipun Bapak guru lan Sadherek sedaya, bilih ing enjing punika kula badhe maosaken tugas minggu kapungkur,

inggih punika timbangan buku. Wonten ing ngriki, kula badhe nimbang babagan Adorasi saking buku "Menimba Rahmat Adorasi". Buku punika anggadahi maneka warna paseksen saking umat babagan Adorasi Ekaristi Abadi. Sanesipun, buku punika ugi maringi pangertosan babagan sejarah Adorasi Ekaristi Abadi wonten ing Paroki Santo Petrus lan Paulus Klepu. Wonten ing Paroki Klepu wonten tiga Kapel Adorasi Ekaristi Abadi inggih punika: Kapel Adorasi Santo Franciskus Xaverius Daratan, Kapel Adorasi Ibu Maria Ratuning Katentreman Sendang Jatiningsih, lan Kapel Adorasi Santo Yohanes Chriscostomus Pojok.

Adorasi wonten ing Paroki Klepu punika kawiwitan saking prastawa, bilih Romo Paroki Klepu pepanggihan kaliyan Romo saking Australia, inggih punika Romo Patrick Joseph Barry. Romo Patrick inggih punika misionaris ingkang semangat anggenipun nyebaraken Devosi Adorasi Ekaristi Abadi dhateng pundi kemawon panggenan. Pepanggihan punika nggerakaken ugi nyengkuyung umat supados caket kaliyan Gusti. Karemenan caket kaliyan Gusti saking prastawa pepanggihan wonten ing salebetung sembayang Adorasi nyengkuyung umat Paroki Klepu kangge ngawontehaken lan ngembangaken devosi Adorasi Ekaristi Abadi. Karemenan umat punika wau ngasilaken buah ingkang sae, inggih punika ngasilaken tiga kapel Adorasi Ekaristi Abadi.

Adorasi Ekaristi Abadi ing Paroki Klepu ingkang sepindhah kawiwitan saking kapel Santo Franciskus Xaverius Daratan. Kangge nanggepi ajakan saking Romo Patrick punika, Bapak L. Sumadi, salah satunggiling pengurus kapel Santo Franciskus Xaverius Daratan ngraos tergerak lan semangat kangge nanggepi ajakan saking Romo Patrick punika. Adorasi wonten ing Daratan punika kawiwitan kanthi Ekaristi wonten dinten Riaya Pentakosta tahun 2011. Pahargyan Bojana Ekaristi wau dipunpimpin dening Romo. E. Martasudjita, Pr ingkang dados selebran lan dipun ampingi Romo Fx. Murdisusanto, Pr, Romo Patrick Joseph Barry, lan Romo J. Kristanto, Pr. Ekaristi dipunlaksanakaken wonten ing gedung serbaguna Daratan. Sasampunipun Ekaristi, Adorasi dipun wiwiwti kanthi prosesi arak-arakan Sakramen Mahasuci saking Gedung Serbaguna Daratan, dumugi wonten ing kapel Santo Franciskus Xaverius Daratan.

Adorasi Ekaristi Abadi ingkang sepindhah wonten ing Paroki Klepu punika inggih mboten ical saking awang-awang rasa ajirih para Umat. Wonten Umat ingkang rumaos bingung dhateng Adorasi punika wau, "punapa sami purun sowan lan sembahyang wonten ing kapel Adorasi Daratan punika?" raos ajirih punika ketinggal amargi panggenan Adorasi

caket kaliyan kompleks kuburan, ingkang konon miturut para warga panggenan punika inggih angker lan kapel punika panggenanipun kirang strategis.

Saderengipun wonten Adorasi, kapel Daratan punika dipun ginakaken kaliyan umat namung sewulan sepindhah. Nalika wonten Adeka punika, ing kapel punika saben dinten Rebo sonten wonten Pahargyan Ekaristi penggantian Sakramen Mahasuci, dipunlajengaken Adorasi singkat. Awang-awang raos ajrih wau sakpunika sampun ical. Kapel Adeka Daratan sakpunika kathah dipun kunjungi Umat, siang punapa ndalu, kangge jaga bakti utawa piket wonten ing sakiwotengenipun kapel.

Mawi Adorasi, umat nampi kathah nugraha wohing Adorasi. Umat ngendika bilih wohing Adorasi ingkang dipun raosaken inggih: karukunan keluarga, katentreman ati, pikiran sansaya padhang, beban urip sansaya entheng, sansaya tresna dumateng Gusti, pulih saking sakit, pikantuk pakaryan enggal, lancar anggenipun sekolah, pikantuk pasangan, lsp. Maneka warna carita pengalaman rahmat ingkang pareng dipun bagekaken, dipun mirengaken, punika nuntun supados ngicipi, tepang, lan sansaya setya kangge Adorasi wonten ing kapel punika. Wonten Umat ingkang rumiyinipun boten kersa kange jaga bakti, lajeng Piyambakipun tergerak lan kersa derek jaga bakti Adorasi punika wau. Umat ingkang rawuh kangge Adorasi boten namung tiang-tiang sepuh, ananging ugi tiang-tiang muda, lan para lare.

Wekdal salajengipun, wonten ing wilayah peziarahan Gua Maria Sendang Jatiningsih, ugi miwiti dipunwontenaken Adeka. Bapak Sarep, Bapak Sariman, lan para Pengurus Sendang ndherek nggulawentah lairipun Adeka ing Sendang Jatiningsih punika. Pemberkatan kapel Adorasi Ekaristi Abadi Ibu Maria Ratuning katentreman dipunlaksanakaken sesarengan kaliyan Riaya Tubuh dan Darah Kristus tahun 2011. Pahargyan Bojana Ekaristi pemberkatan kapel Adeka Sendang Jatiningsih dipunpipimpin Romo E. Martasudjita, Pr lan dipun ampingi Romo J. Kristanto, Pr saking Seminari Tinggi Santo Paulus Kentungan lan Romo EM. Supranowo, Pr saking Paroki Klepu.

Kapel Adeka punika papanipun wonten ing lantai nggingil, wingkingipun altar utama ing kompleks peziarahan Gua Maria Jatiningsih. Saged dipun sebat bilih ruangan kapel punika langkung alit. Kapel punika namung saged nampung sakedhik umat, paling mboten 5- 10 tiang. Kasetyan kaliyan katekunan umat kangge Adorasi adamel kathah woh arupi rahmating Adorasi ingkang umat tampi wonten ing papan peziarahan punika, saking umat Paroki Klepu piyambak dumugi umat peziarah saking panggenan sanesipun.

Ngeneti wekdal lan diraos sansaya katah umat ingkang rumaos kirang nyaiman anggenipun Sembayang ing kapel Adeka punika, dados dipunputusaken bilih kangge ndamel kapel Adeka ingkang sansaya ageng, sansaya nyawan, pekoleh kangge Sembayang. Kapel ingkang enggal punika dipunbangun wonten ing wingking Salib Milenium. Kapel punika dibangun kanthi wekdal ingkang raos cekak, kirang langkung tiga wulan. Proyek pembangunan Kapel Adeka punika lumampah kanthi sae lan lancar, amargi kamurahan lan katresnanipun Umat ingkang maringi donasi dhumateng Paroki Klepu kangge mbagun kapel Adeka Ratu Perdamaian Jatiningsih. Kapel Adeka ingkang enggal punika dipunresmikaken lan dipunberkati dening Mgr. J. Pujasumarta, Uskup Agung Semarang dinten Minggu, 1 januari 2012.

Ing wilayah Gereja Pojok, ing mulanipun dados panggenan Romo Patrick Joseph Barry nepangaken Adeka, ugi wiwit rumaos nggadhahi niat kangge ngawontenaken Adeka kangge Umat ing Wilayah Pojok riku. Berkat semangat lan usaha saking para Pengurus Gereja Pojok, kados Bapak C.B. Sumarto lan Bapak Ponijo, sesarengan kaliyan Pahargyan Ekaristi Pesta Asma St. Yohanes Chrisostomus, pelindung Gereja punika ingkang dipun pengeti dinten Kemis 29 September 2011. kapel Adeka Santo Yohanes Chrisostomus punika diberkati lan dipunwiwiti. Pahargyan Ekaristi punika dpunpimpin dening Romo. E. Martasudjita, Pr.

Ngenet-enget ruangan ingkang sekedhik ing wilayah Gereja Pojok punika, dados salah satunggiling ruangan inkang wonten ing Gereja Pojok punika dipun damel kangge papan Adeka. Ruanganipun namun alit, paling mboten namung saged nampung 10 umat. Para Pengurus Gereja lan umat Wilayah Pojok nembe ngembangaken wacana kangge ndamel panggenan kangge kapel Adeka ingkang langkung ageng wonten ing siring wetan gedung Gereja Pojok punika wau.

Buku punika ugi nyariosaken babagan paseksen-paseksen para umat anggenipun oglampahi Adorasi kaliyan woh – woh ingkang dipun tampi dening para Umat ingkang migunani tumrap pakaryanipun saben dinten. Kados:

- Paseksen saking Sunarti bilih Putranipun saget lulus Ujian Nasional lan saged katampi ing Universitas ingkang trep kaliyan ingkang dipun idham-idhamaken.
- Weni, bilih mawi Adorasi piyambakipun saged ngrubah gesang padintenan, ingkang rumiyin gampil emosi, sakmenika saged sabar, ugi gesangipun dados ayem, bungah, mboten enten masalah malih, lan sanesipun.

- Salah satunggiling bapak ngraos bilih mawi Adorasi piyambakipun dados saged ngatur ekonomi Kaluarga kanthi sae, nggadhahi pakaryan ingkang langkung sae tinimbang sakderengipun, Putrinipun saged sekolah, lan sanesipun.
- Trisnawati bilih piyambakipun pulih saking sakit ingkang sampun piyambakipun raosaken wiwit 4-5 tahun kapungkur, Piyambakipun raos bingah amargi mawi Adorasi punika piyambakipuyn dados sabar anggenipun nggadepi sesakit punika, lajeng saking sabar punika wau piyambakipun saget mantun, pikantuk berkah saking Gusti, arupi pulih saking sesakitipun punika wau.
- Lan paseksen sanesipun , kados bingah amargi saged nampi sakramen ijab kanthi sae, saged pikantuk jodho ingkang sae, saged nggadhahi raos tanggal jawab, lan bab sanesipun.

Dados punika wau Sejarah Adorasi ing Paroki Klepu ingkang nggadahi tiga kapel Adorasi, ingkang wiwit dibangun rikala tahun 2011 kapungkur, lan puneka warna paseksen Umat ing paroki Klepu babagan Adorasi Ekaristi punika wau.

Mekaten ingkang saged kula aturaken wonten ing ngarsa bapak guru lan kanca-kanca sedaya wonten ing enjing punika, mugi sedaya punika wau sagedha ndadosaken pamriksa tumrap Pak Guru lan kanca-kanca ugi kula piyambak. Mbok menawi wonten kathah kalepatan ingkang kirang mranani anggenipun kula matur ing ngarsa pak guru lan kanca-kanca, Kula nyuwun agenging pangapunten. Mekaten lan matur nuwun.

C. REFLEKSI

Nyedhaki sing ditresnani, nresnani sing dicedhaki. Tegesipun inggih punika Allah ingkang mawi maneka warna cara nyedhaki, rawuh, tinggal ing sajroning gesang umat lan ngundang Umat kagem nresnani, lan nyedhaki Allah ugi. Adorasi ngajak kita kangge ngalami pengalaman ingkang sae ingkang dipunwiwiti saking kesiapan kagem lenggah, mendel, lan wening. Saking riku wau ngetingal rahmating Allah dhumateng umatipun ingkang migunani tumrap gesang padintenan. Umat ingkang saged lenggah lan wening dipun antu-antu supados saged mendhed jarak kaliyan gesangipun. Kados kita mriksani foto, kita dipun antu-antu kangge mriksani prastawa gesang kita padintenan ingkang nggadahi kesan langkung sae, lajeng kita mangertos bilih badhe dipun beta pundi hubungan kita punika kaliyan Gusti Allah punika wau?

Ing Seminari saben dinten Jemuah kapisan Seminaris sampaun ngalami prastawa pepanggihan kaliyan Gusti mawi ibadat Adorasi Ekaristi, lajeng khusus kangge Seminaris Medan Madya saben dinten Kemis ugi sampaun ngalami pepanggihan kaliyan Gusti mawi Adorasi Ekaristi ugi. Dados kita sedaya menika sampaun nate ngalami pepanggihan kaliyan Gusti mawi Adorasi. Saking niku wau temtu kita saged ngraosaken woing Adorasi punika mliginipun ing gesang padintenan kangge nderek timbalan ndalem Gusti punika wau. Dados wigati saged bilih seminaris punika saged tumut nggulawenthah kangge martosaken lan nyariosaken babagan Adorasi punika dateng para kadang Umat sanesipun ing Paroki-paroki, punika wau saged dipun lampahi rikala preinan utawa rikala minggu paroki.

D. PANUTUP

Mugi-mugi pasugatan kula punika ingkang ngrengbag babagan Adorasi punika saged dados'a panglimbang kagem Sedherek sedaya anggenipun nglampahi gesang timbalan dalem ing Seminari punika, awit mawi Adorasi Ekaristi punika langkung sae kangge kita sedaya para Seminaris putra dalem nanggepi timbalan ingkang langkung sae wau, ingkang sampaun Gusti paringaken dhumateng kita kanthi kapitadosan langgeng.

Ing wasana kula namung saged ngaturaken agenging panuwun awit kawigatosanipun panjenengan sedaya wonten ing pasugatan kula sonten punika. Matur nuwun. Berkah dalem.